



Pou Piblikasyon Imedya: 21/06/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE YO BAY PLIS PASE 850,000 DOLA POU ESTIMILE ACHA PWODWI FÈM NEW YORK YO AK POTE MANJE FRE LOKAL BAY ELÈV YO**

***Pwogram Farm-to-School Eta a sipòte fèmye New York yo, amelyore edikasyon agrikòl ak nitrisyonèl, epi Amelyore sante ak byennèt elèv yo nan lekòl yo atravè Eta a***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke yo te akòde bay dis pwogram plis pase 850,000 dola atravè 7èm Faz pwogram Farm-to-School (soti nan Fèm rive nan Lekòl) Eta New York la. Finansman yo bay atravè pwogram Farm-to-School la ede lekòl yo konekte ak kiltivatè lokal yo, sa ki ogmante itilizasyon manje lokal yo nan meni lekòl yo, epi amelyore sante elèv yo, pandan y ap bay kiltivatè New York yo plis avantaj ekonomik. Yo te bay kat òganizasyon fon atravè pwogram Farm-to-School la pou premye fwa. Pwogram Farm-to-School la reflekte angajman Gouvènè Hochul kontinye pran pou pi byen konekte fèm ak lekòl yo atravè New York epi ogmante acha lokal pou ranfòse sistèm alimantè Eta a.

"Pwogram Farm-to-School nou an se yon eleman kle nan efò administrasyon mwen an ap fè pou mete plis pwodwi fre lokal New York yo sou tab yo atravè eta a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè nou konekte lekòl yo ak kiltivatè yo, n ap bay kiltivatè yo ak pwodikè yo opòtinite ekonomik enpòtan yo pandan y ap bay elèv yo ak popilasyon ki pa jwenn ase sèvis yo aksè ak manje ki fre, ki an sante ak nourisan ki fèt lokalman."

Pwogram Farm-to-School New York la ankouraje acha ak itilizasyon manje ki grandi ak pwodui nan Eta New York nan repa yo sèvi nan kafeterya lekòl Klas Matènèl jiska 12èm Ane yo. Pwojè Farm-to-School la ede amelyore sante ak byennèt elèv yo, amelyore edikasyon agrikòl ak nitrisyonèl, ranfòse ekonomi lokal yo, epi bati kominote ki an sante. Anplis de sa, pwogram sa yo ede lekòl yo ak fèm yo fè fas ak defi ki genyen nan achte, estoke, ak sèvi manje lokal yo, tankou mank ekipman pou estoke ak prepare manje fre, ki mwens transfòme, aksè ak fèm ki vann dirèkteman nan lekòl yo, ak jwenn distribitè ki pote pwodwi New York yo.

Pwojè yo akòde atravè eta a pou adrese defi sa yo enkli:

**Capital District**

- Comfort Food of Washington County, Inc. (nouvo benefisyè) - 100,000 dola: Pwogram sa a pral ogmante volim ak varyete pwodwi alimantè ki kiltive nan New York ki te achte pa otorite manje lekòl yo atravè konte Washington, Warren, ak Saratoga. Pwogram nan pral kowòdone tou opòtinite edikasyon ak nitrisyon ak nitrisyon agrikòl pratik pou elèv ki nan konte sa yo.

## **Finger Lakes**

- Distri Lekòl Santral Clyde-Savannah (nouvo benefisyè) - 100,000 dola: Pwojè sa a pral devlope plis relasyon ki deja egziste ak kiltivatè yo ak distribitè pwodwi agrikòl New York yo epi bati nouvo relasyon. Pwojè a pral konsantre tou sou yon nouvo kourikoulòm sou pratik agrikilti/jadinay dirab, ki gen ladan yon sèr ki pral bay edikasyon pratik sou nitrisyon ki konsantre sou pwodwi lokal pou klas 1-12èm ane pou enstwi elèv yo sou manje an sante ak pwodiksyon, preparasyon, ak prezèvasyon manje.
- Distri Lekòl Elba (nouvo benefisyè) - 100,000 dola: Pwojè sa a pral travay nan direksyon pou ogmante volim ak varyete pwodwi agrikòl Eta New York yo ke Distri Lekòl Elba a achte pou enkli nan repa atravè nouvo relasyon ak vandè fèm lokal yo ansanm ak atravè pwodwi fèm ki grandi pa elèv ki sou teren lekòl yo.

## **Mohawk Valley**

- Cornell Cooperative Extension of Oneida County (Ekstansyon Koperativ Cornell nan Konte Oneida), 99,954 dola: Pwogram sa a pral travay ak distri lekòl yo atravè Konte Oneida pou ede navige nan pwosesis akizisyon manje lokal ki nesèsè nan Eta New York la. Pwogram nan pral ede fèmye tou fè koneksyon ak rezo sèvis manje a.

## **Vil New York**

- Depatman Edikasyon Vil New York -100,000 dola: Biwo Sèvis Nitrisyon Depatman Edikasyon Vil New York (Department of Education Office of Nutrition Services, DOE OFNS) pral ogmante volim ak varyete pwodwi agrikòl New York yo nan manje lekòl yo lè li devlope yon fòmasyon pwodiktè ki espesyal pou DOE. Fòmasyon an pral sipòte kiltivatè yo ak zouti ak konesans ki nesèsè pou vann espesyalman bay DOE OFNS NYC a epi ede yo jwenn lòt sètifikasyon ki enpòtan yo.

## **North Country**

- Distri Lekòl Santral Saranac Lake - 36,106.16 dola: Pwojè sa a pral amelyore varyete pwodwi agrikòl Eta New York la ki pral enkli nan Pwogram Lekòl Santral Saranac Lake la nan ogmante kantite patnè fèm lokal yo. Li pral ogmante tou divèsite grenn an antye ak legim yo sèvi pou elèv yo lè yo fè rechèch ak konekte ak fèm k ap grandi rekòt sa yo.
- Cornell Cooperative Extension Association of Franklin County (Asosiyasyon Ekstansyon Koperativ Cornell nan Konte Franklin) (nouvo benefisyè) - 100,000 dola: Pwogram sa a pral konsantre sou yon patenarya kolaboratif ant Cornell Cooperative Extension nan Konte Franklin ak twa distri lekòl nan Konte Franklin ki pral ede ogmante volim ak varyete pwodwi agrikòl Eta New York nan pwogram repa lekòl yo.
- Cornell Cooperative Extension (CCE) - Essex County (Ekstansyon Koperativ Cornell nan Konte Essex), 64,717 dola: Atravè pwogram sa a CCE Essex pral ede 14 distri lekòl nan Konte Clinton, Essex, ak Konte Franklin pou achte manje lokal sou yon echèl rejyonal. Pwogram nan pral bay pwogram Agrikilti nan Salklas ak Rekòlte Mwa (Agriculture in the Classroom and Harvest of the Month) chak mwa tou nan distri lekòl yo.

### **Southern Tier**

- Konsèy Kooperasyon Sèvis Edikatif Broome-Delaware-Tioga (Broome-Delaware-Tioga Board of Cooperative Educational Services, BT BOCES) - 100,000 dola: Broome Tioga BOCES (BT BOCES) la ak patnè kominotè yo pral travay an kolaborasyon pou ogmante fòmasyon gastwonomik pou anplwaye sèvis manje yo pou konstwi kapasite pou efò soti nan fèm rive nan lekòl yo; elaji acha lokal; devlope nouvo relasyon ak pwodikè New York; epi bay elèv yo edikasyon konplè. Pwojè sa a pral sèvi 15 distri lekòl nan konte Broome ak Tioga.
- Distri Lekòl Santral Windsor, 100,000 dola: Pwojè sa a pral ogmante kantite pwodwi agrikòl Eta New York yo itilize nan pwogram manje lekòl Distri Lekòl Santral Windsor a epi ogmante enfrastrikti ak kapasite Laboratwa Teres distri a pou amelyore edikasyon agrikòl.

**Komisè Agrikilti Eta New York (New York State Agriculture) la, Richard A. Ball, te deklare,** "Pwogram Farm-to-School Eta New York la ap kontinye fè yon gwo enpak sou lekòl nou yo ak kapasite yo pou achte, prepare ak sèvi manje lokal fre ki soti nan fèm yo pou timoun lekòl nou yo. Plizyè lekòl ak òganizasyon ki resevwa rekonpans jodi a ap patisipe pou premye fwa epi li rekonfòtan pou nou wè n ap kontinye elaji pwogram nan atravè Eta a. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou angajman kontinyèl li anvè endistri agrikòl nou an epi mwen pa ka tann pou mwen wè pwojè sa yo pwogrese ak avantaj pwogram sa a pral pote nan kominote agrikòl nou an."

**Prezidan Komite Agrikòl Sena a (Senate Committee on Agriculture), Senatè Michelle Hinchey, te deklare,** "Nou ka pote manje ki an sante, ki fèt lokalman dirèkteman sou tab dine lekòl yo epi bay kiltivatè New York yo gwo opòtinite devlopman

ekonomik nan zòn rural yo lè nou ogmante patenarya soti nan fèm rive nan lekòl atravè eta nou an. Antanke yon gwo defansè pou elaji pwogram Farm-to-School New York la, mwen kontan wè anpil sibvansyon ale jwenn ede lekòl yo ki kreye premye pwogram yo pou sipòte elèv yo ak kominote lekòl pa yo."

**Manm Asanble Donna Lupardo, ki se Prezidan Komite Agrikòl Asanble a (Assembly Committee on Agriculture), te deklare,** "Pwogram Farm-to-School New York la bay lekòl nou yo fleksibilite pou jwenn aksè ak manje ki fre, ki fèt ak pwodui lokalman pou elèv yo. Mwen kontan wè pwogram sa a ap agrandi pou l enkli plis òganizasyon atravè eta a, ansanm ak finansman kontinyèl pou pwogram ki egziste deja yo. Relasyon ki konstwi atravè Farm-to-School la nesèsè pou kenbe ak grandi yon ekonomi agrikòl lokal dinamik atravè New York."

**Amie Collins, Direktè Egzekitif, Comfort Food Community, te deklare,** "Comfort Food Community kontan anpil pou resevwa prim sa a. Nou pare epi nou kontan anpil pou elaji fason nou kominike avèk kominote agrikòl lokal nou an pou bay lekòl zòn nou an plis aksè ak pwodwi lokal yo."

**Scott Gordon, Direktè Egzekitif Cornell Cooperative Extension nan Konte Franklin, te deklare,** "Cornell Cooperative Extension nan Konte Franklin santi se yon onè paske yo chwazi nou kòm yon nouvo benefisyè pou Pwogram Farm-to-School Eta New York la. Lajan yo pral pèmèt asosyasyon an anboche yon Kowòdonatè Farm-to-School pou konekte twa lekòl patnè ak kiltivatè lokal yo pou devlope momantòm k ap grandi pou Farm-to-School la nan Rejyon Nò New York la. Pwogram nan se yon sitiyasyon ganyan ganyan pou ogmante opòtinite ekonomik pou fèmye North Country yo epi ogmante aksè ak manje lokal ki an sante pou elèv yo."

**Sipè-entandan Distrik Eskolè Santral Clyde-Savannah, Michael C. Hayden, te deklare,** "Sibvansyon Farm-to-School la se yon temwayaj efò kolektif nou yo nan priyorete sante ak byennèt elèv nou yo. Li reprezante yon etap enpòtan nan direksyon pou kreye yon kominote ki entèkonekte epi ki pi dirab. Mwen ta renmen eksprime pi pwofon rekonesans mwen anvè Depatman Agrikilti ak Mache (Department of Agriculture and Markets, AGM) Eta New York la paske li rekonèt angajman nou epi li ban nou opòtinite enkwayab sa a. Ansanm, n ap kontinye ekipe elèv nou yo, edike yo sou enpòtans pratik dirabilite, epi enspire yon jenerasyon ki bay valè ak ancheri relasyon ant lekòl nou an ak kominote agrikòl lokal nou an."

**Direktè Sèvis Manje Distrik Eskolè Santral Clyde-Savannah, Donna Riviello, te deklare,** "Mwen absoliman kontan pou m resevwa sibvansyon sa a nan men Depatman Agrikilti ak Mache Eta New York la. Finansman sa a pral ede distri nou an elaji epi devlope patenarya aktyèl nou yo ak kiltivatè ak pwodiktè lokal yo isit la nan pwòp kominote nou yo. Li pral ede ak travay fantastik anplwaye sèvis manje nou yo te deja fè nan kreye manje fre, ki pwodwi lokalman, ki fèt lakay. Mwen panse ke mwen kontan anpil ke finansman sa a pral ede nou elaji sou enstriksyon aktyèl nou an ak eksperyans aprantisaj pratik pou elèv nou yo nan kreye sistèm manje dirab ki pral anseye timoun

nou yo grandi, rekòlte ak prezève manje fre ki nourisan. Mwen pa te kapab plis kontan pase sa pou ide "fouy" ak kòmanse a."

**Patrick Harper ki soti nan Black Creek Farms, te deklare,** "Nou nan Black Creek Farms nou kontan kontinye ak elaji patenarya nou te kreye pandan ane ki sot pase a ak Clyde-Savannah. Antanke yon ansyen elèv Clyde-Savannah ak kiltivatè lokal 5èm jenerasyon, nou konprann plas enpòtan agrikilti kenbe nan kominote nou an. Nou pa ka tann pou nou edike elèv yo sou pwosesis pou grandi pwodui fre epi pou nou kapab bay yon eksperyans pratik nan domèn lan."

Pwogram Farm-to-School New York la administre pa Depatman Agrikilti ak Mache (AGM) Eta New York la. Pwogram nan te lanse an 2015 pou ogmante acha manje lokal pa distri lekòl yo ak lekòl endiviyèl yo. Yon total 61 distri lekòl oswa òganizasyon san bi likratif k ap travay ak lekòl ak fèm yo te resevwa plis pase 7.1 milyon doladepi 2015 pou sipòte efò agrikòl yo nan Eta New York.

Anplis pwogram Farm-to-School la, AGM administre Inisyativ 30 pousan Eta New York la, ki konsantre sou achte plis pwodwi lokal nan men kiltivatè New York yo epi ogmante manje lokal ki an sante ak nourisan pou dine lekòl New York yo. Jwenn plis enfòmasyon sou [Inisyativ 30 pousan](#) ak [pwogram Farm-to-School](#) la. Anons sa a bati sou dènye aksyon Gouvènè a ki te enkli nan Bidjè Eta pou Ane Fiskal 2024 la, ki te ogmante sèy diskresyonè pou lekòl yo achte manje ak pwodwi alimantè lokal yo soti nan 20,000 dola rive nan 150,000 dola, yon ogmantasyon siyifikatif pa rapò ak sèy anvan an.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)